

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Tradisi nyalin téh mangrupa kabiasaan masarakat agraris anu dilaksanakeun ti baheula minangka wujud hormat kana paré jeung sukuran geus diparengkeun ngolah sawah atawa huma nepi ka panénna. Tradisi nyalin geus dianggap tradisi, ku sabab dilaksanakeun lila, diwariskeun nepi ka kiwari, jeung dianggap bagian tina hirup hiji kelompok masarakat (Sztmpka, 2007, kc. 70). Ieu tradisi dipangaruhun pisan ku agama hindu anu kungsi sumebar di tatar Sunda, ciri agemanana nyaéta percaya ayana hyang jeung déwa. Éta aspék kapercayaan téh fokus utama tina mitos jeung ritual dina upacara-upacara kahirupan urang Sunda. Mitos anu dianggap sakral pasti aya dina sakumna kagiatan sosial kaagamaan masarakat, utamana masarakat tradisional atawa masarakat *pre-literate* (Humaeni, 2012, kc. 160). Upacara-upacara tali paranti (tradisi hukum adat) pasti dioriéntasikeun ka Nyi Pohaci Sanghyang Sri salaku roh anu miboga kakuatan dina daur kahirupan alam dunya. Adat tukang tani euweuh eureunna babakti ka Nyi Pohaci. Dina mitos Nyi Pohaci diungkabkeun ku pangaweruh budaya antara hal nyata jeung hal gaib, cukang lantaranana wujud wanoja anu teu nyata sacara pisikal. Éta dua hal téh silih lengkepan, dunya nyata salaku tempat kahirupan, ari dunya gaib salaku sumber kahirupan. Keur ngahubungkeun éta dunya téh mikabutuh sarana, nyaéta wujud mucekilna hasil panén salaku simbol ayana “Nyi Pohaci” anu ninggalkeun dunya nyata jeung balik deui ka dunya gaib (Iswidayati, 2007, kc. 181). Ku kituna, dina unggal panén sok diayakeun tradisi keur sukuran ka Pangéran jeung harepan sangkan hasil panén leuwih mucekil. Kiwari, ieu hal jadi pasualan ku sabab geus robahna ageman jeung pola pikir masarakat anu pagedrug jeung budaya lokal. Antukna, éta kabiasaan téh langka dilaksanakeun dina runtuyan kagiatan panén, utamana ku turunan masarakat agraris anu hirup bék dieu. Ieu téh ngabalukarkeun leungitna kabiasaan adiluhung anu nuduhkeun éntitas jeung idéntitas masarakat budaya. Lain hartina ngamumulé

hinduisme, ku kamekaran jaman hiji kabiasaan bisa dirobah disaluyukeun jeung kondisi ayeuna kalayan teu ngarobah ajén anu nyangkaruk dijeronan.

Adat kabiasaan téh lain ukur runtusan kagiatan nu biasa dilaksanakeun, tapi miboga ma'na, maksud, jeung tujuan anu némbongkeun karakter masarakat anu bogana. Dina adat kabiasaan téh nyangkaruk ajén budaya anu ngajiwaaanana. Tradisi nyalin téh wujud kearifan lokal dina hal adat-istiadat anu euyeub ku ajén budaya. Ajén budaya téh mangrupa konsép-konsép ngeunaan alam pikiran masarakat anu dipikaajrih, dihargaan, jeung diagem salaku oriéntasi jeung udagan kahirupanana. Adat-istiadat téh lega pisan ambahanana jeung hésé diterangkeun sacara rasional. Tapi, éta hal bakal ngawewegan yén hiji kabudayaan téh ayana dina ranah emosional atawa alam jiwa masarakat anu ngeukeuhanana. Adat-istiadat anu dimaksud téh salah *sahijina* nyaéta upacara masarakat pikeun udagan nu tangtu (Koentjaraningrat, 2009, kc. 153). Sanajan geus mimiti ditinggalkeun ku sawaréh masarakatna, tradisi nyalin masih aya kénéh anu ngalaksanakeun malah aya parobahan dina lumangsungna kagiatan anu dipangaruhan ku ageman Islam. Ieu anu ngabalukarkeun panalungtik kataji ku tradisi nyalin, salian ti maluruh ajén-inajén budaya anu adiluhung aya ogé parobahan tradisi anu nyoko kana ageman Islam.

Masarakat kudu paham kana kalungguhan ajén budaya anu kacida pentingna keur kahirupan sangkan prosés ngawariskeun ka turunana bisa kalaksana kalawan lancar. Sanajan ku parobahan jaman budaya moal salawasna sarua jeung mimiti lumakuna, tapi ajén anu dalit dina kagiatan budayana mah moal robah lamun dipikapaham sacara gembléng. Budaya salaku cara hirup anu diwangun ku ajén, tradisi, kapercayaan, objék material, jeung wilayah anu miboga sipat dinamis sacara fundaméntal lila lumakuna dina masarakat tapi bisa robah ku komunikasi jeung interaksi sosial anu mindeng (Williams dina Rahayu, 2014, kc. 56). Ku kituna, kalumangsungan ajén budaya téh gumantung kana interaksi sosial masarakatna (ngawariskeun). Ajén budaya dina tradisi nyalin ogé bakal kapiara lamun masarakat haat ngajagana.

Pola pikir masarakat anu praktis jeung konsumtif minangka pangaruh narekabna globalisasi téh geus teu bisa disingkahen deui. Modérnisasi jadi

bebeneran anu dianggap sah keur nyingkahkeun kabudayaan anu saéstuna hasil cipta, rasa, jeung karsa masarakat saméméhna. Matak pantes lamun modérnitas dina widang budaya cirina nyaéta kadéséhna budaya tradisonal ku budaya luar anu ngabalukarkeun budaya lokal beuki tumpur. Masarakat geus teu ngalaksanakeun hiji tradisi téh alatan dianggap teu praktis da mikabutuh waktu jeung waragad nu teu saeutik, kitu ogé sikep konsumtif anu geus teu ngahargaan deui kana usaha tani anu hésé béléké keur ngahasilkeun paré. Lian ti kitu, paré anu mangrupa kadaharan poko geus teu dimumulé deui dina ngolahna. Bahan, alat, jeung prak-prakan hiji tradisi teu bisa dianggap énténg. Dina tradisi nyalin waé ti mimiti dangdaunan, kadaharaan, alat, palaku, jeung prak-prakanana anu geus teu dipikawanoh ku masarakat komo deui kana hal ngama'naan anu undakna leuwih luhur. Lian ti kitu, alat panén ogé geus diganti ku alat anu leuwih praktis, saperti ngagebug paré diganti ku mesin rontog jeung étém keur ngala paré geus diganti ku arit. Dina hal ngahargaan paré, kuduna mah sanggeus mipit paré téh ulah aya anu ragrag najan sasiki kudu bener-bener apik jeung dimumulé.

Ajén budaya anu luhung dina tradisi nyalin téh nuduhkeun karakter emosional anu kuat, ku sabab ieu tradisi téh mangrupa sistem religi masarakat nu ngalaksanakeunana. Sistem tradisi atawa upacara mangrupa wujud tina religi, kaasup tradisi anu aya patula-patalina jeung tatanén (Koentjaraningrat, 2009, kc. 21). Religi anu dimaksud neueulkeun kana udagan ieu tradisi anu mangrupa wujud rasa sukur jeung sanduk-sanduk papalaku rék panén ka Pangéran jeung Nyi Pohaci Sanghyang Sri anu dianggap ku masarakat salaku déwi paré. Masarakat percaya yén paré jeung tutuwuhan lianna anu jadi kabutuhan tani téh asalna tina awak Nyi Pohaci Sanghyang Sri, masarakat agraris téh nganggap paré salaku barang anu kacida gedé hargana jeung suci anugrah ti Pangéran. Ieu téh diwewegan ku mitos anu didadasaran ku *Carita Pantun Sulanjana*. Carita pantun Sunda nu ngaabadikeun Nyi atawa ngaran lengkepna Nyi Pohaci Sanghyang Sri Dangdayang Trusnawati Nyi Bibiting Sri mangrupa simbolitas peran wanoja dina lumangsungna kahirupan, lantaran wanoja ngalahirkeun turunan keur nuluykeun kahirupan. Minangka wujud kagiatan tina mitos salaku kapercayaan ngajanggélék

rupa-rupa tradisi dina tatanén kaasup nyalin. Ku kituna, mitos méré ajaran-ajaran kahirupan anu bener ngeunaan kanyataan alam semesta (Sumardjo, 2013, kc. 43).

Tina pedaran di luhur geus katangén yén tradisi nyalin téh miboga ajén-inajén anu luhung tuladaneun masarakat kiwari. Keur ngokolakeun tarékah ngawariskeun mikabutuh sosialisasi ngaliwatan panalungtikan. Keur maluruh tradisi nyalin kalawan nyosok nyero bisa ngagunakeun ulikan tradisi lisan. Ulikan tradisi lisan dina wangun kabudayaan téh aya tilu hal nyaéta teks, ko-teks (elemen/unsur), jeung kontéks (kondisi) anu engkéna bakal jadi formula dina upacara tradisi (Dundes dina Sibarani, 2012, kc. 243). Ulikan tradisi lisan bakal mesék struktur (téks jeung ko-téks) jeung fungsi (kontéks). Analisis struktur miboga prinsip pikeun ngulik jeung ngajéntrékeun kalayan taliti, *detail*, jeung nyosok jero. Patalina sakabéh unsur bakal ngahasilkeun ma'na anu gembleng. Ari pungsi mah miboga patali antara hiji hal jeung hal séjénna, salaku kontéks bisa ngungkarakeun patali antara hiji hal jeung nyumponan pangabutuh nu tangtu. Ngaliwatan ulikan tradisi lisan panalungtikan tradisi nyalin bakal leuwih komprehénsif keur bahan warisan ka generasi mangsa datang.

Ajén-inajén anu nyangkaruk dina tradisi nyalin téh bakal dipaluruh ngagunakeun ulikan étnopédagogik, ku sabab ajén-inajén dina tradisi nyalin téh kaasup kearifan lokal pangwangun étnopedagogik. Ajén-inajén budaya nu bisa diguar tur luyu jeung kamekaran kiwari nyaéta ajén atikan nu mangrupa bagian tina étnopédagogik. Étnopédagogik mangrupa prakték atikan nu basisna kearifan lokal dina rupa-rupa hal. Éta rupa-rupa hal téh bisa ngawengku cara ngubaran rupa-rupa panyakit, seni béla diri, lingkungan hirup, sistem tatanén, ékonomi, pamaréntahan, mitos, sistem palintangan, jeung sajabana (Alwasilah, 2009, kc. 50). Étnopédagogik téh atikan anu didadasaran ku étnografis (kearifan lokal) anu penting dilaksanakeun. Ieu udagan atikan téh pikeun ngawangun jeung ngawariskeun ajén-ajén budaya lokal anu mangrupa idéntitas kultural bangsa (Kartadinata, 2011, kc. 11). Ajén-inajén budaya lokal dipiharep bisa diwariskeun dina prosés atikan ka sélér bangsa kiwari jeung bihari.

Patali jeung hakékat atikan, Alwasilah, spk. (2009) atawa Kartadinata (2011) nyawang yén atikan téh teu leupas tina aspék sosial jeung kultural. Atikan

sipatna *deliberatif* dina harti masarakat miara gagasan kahirupan anu hadé tina budaya masarakat anu *fundamental* ngeunaan hakékat dunya, pangaweruh, jeung ajénna. Lian ti éta, aya sababaraha faktor anu anu ngadeudeulan saperti étika, ajén kamanusaan, silih hargaan, sadar miara lingkungan, jeung ngamulyakeun pangaweruh. Ku kituna, diperlukeun réoriéntasi pamiangan ilmiah ngeunaan atikan anu ngawengku ajén-ajén kamanusaan anu teu kapaliré, ku sabab kurangna studi ngeunaan pamiangan budaya atikan (Suratno, 2010, kc. 517). Ajén étnopedagogik tina tradisi nyalin bisa ngawewegan pangwangunan manusa anu didadasaran ku kearifan lokal budaya Sunda

Ajén étnopédagogik anu nyampak dina tradisi nyalin téh kudu disosialisasikeun jeung dilarapkeun, utamana dina prosés pangajaran di kelas. Ajén-inajén téh penting pisan diintegrasikeun dina bahan ajar pangajaran basa jeung budaya Sunda anu dipiharep bisa ngawangun sumber daya manusa anu unggul. Éta hal luyu jeung oriéntasi étnopédagogik Sunda anu nyiptakeun *CATUR JATIDIRI INSAN* salaku manusa onjoy (manusa unggul), pengkuh agamana (*spiritual quotient*), luhur élmuna (*intellectual quotient*), jembar budayana (*emosional quotient*), jeung rancagé gawéna (*actional quotient*) (Suryalaga, 2003, kc. 7).

Dumasar kana Peraturan Gubernur Jawa Barat nomer 69 taun 2013 ngeunaan kompetensi inti jeung kompetensi dasar pangajaran basa jeung sastra Sunda jenjang SMA kelas XI aya kompeténsi dasar bahasan budaya Sunda. Keur kapentingan ngahontal éta kompeténsi dasar tangtu mikabutuh bahan ajarna. Bahan ajar téh mangrupa sagala bahan (informasi, alat, jeung téks) anu disusun sacara sistematis, némbongkeun kompeténsi anu kudu dihontal ku siswa, jeung digunakeun dina proses pangajaran pikeun tujuan rarancang kalayan mutolaah implementasi pangajaran (Prastowo, 2012, kc. 17). Saéstuna bahan ajar téh komponén anu bisa ngarojong kana kahontalna tujuan pangajaran. Najan geus jinek dina kurikulum, guru diperedih bisa milih jeung nangtukeun bahan ajar anu rék digunakeun. Cara milih bahan ajar téh pohara diperlukeunana lantaran pangajaran moal bisa kalaksana kalawan hadé lamun sakabéh bahan nu diajarkeun téh tanpa wates wangen. Ku kituna, guru kudu milih bahan ajar, mana bahan ajar

anu kudu diajarkeun jeung mana anu teu kudu diajarkeun luyu jeung tujuan anu rék dihontal. Bahan ajar dipilih kudu dumasar kana lima hal, nyaéta (1) tujuan anu rék dihontal, (2) dianggap mibanda ajén keur kahirupan manusa, (3) mibanda ajén minangka warisan entragan saméméhna, (4) aya gunana pikeun ngawasa paélmuan, jeung (5) luyu jeung pangabutuh katut minat siswa (Nasution dina Haerudin & Kardana, 2013, kc. 77). Dumasar kana éta pamadegan, tradisi nyalin téh asup kana kriteria bahan ajar anu hadé. Tradisi nyalin téh ngala indung paré kalayan kudu ngayakeun rupa-rupa barang keur ngahormat Nyi Pohaci Sanghyang Sri. Tradisi nyalin anu aya di Désa Sidamulya Kacamatan Cisaga Kabupatén Ciamis téh nyaéta kagiatan ngala paré anu rék dijadikeun indung paré. Samémeh lumangsung kudu dijieuun heula saung sanggar keur neundeun rupa-rupa kaperluan tradisi. Ieu saung sanggar téh keur kapentingan ngadatangkeun, mapag, jeung nyalin Nyi Pohaci. Paré téh diasosiasikeun ka wanoja suci nu turun ti langit (Sanghyang Sri) ka bumi (ganti disebutna ‘Nyi’) nu pancénna ngahudang rasa, sari (cahya), kawasa, jeung ngamajukeun umat manusa (Isnendes dina *rubrik KALAM Pikiran Rakyat* édisi 5 DéséMBER 2016). Ku kituna, kalungguhan paré salaku Nyi Pohaci Sanghyang Sri dina kapercayaan masarakat mah kacida adiluhungna. Ieu kearifan anu geus dicekel ku masarakat téh tinggal ditépakeun ka siswa di sakola anu keur meujeuhna néangan jati diri. Salah sahiji carana ngadumaniskeun ieu panalungtikan tradisi nyalin jeung kurikulum anu geus dilaksanakeun di sakola.

Panalungtikan ngeunaan tradisi nyalin secara éksplisit can kungsi aya nu nalungtik. Tapi, aya kumpulan kajian upacara adat pertanian dina buku upacara adat di pasundan yasana R. Akip Prawira Soeganda anu ditulis taun 1982. Tradisi nyalin ngan bagian bahasan wungkul teu nyosok jero kana perkara ngama’naan kagiatanana. Lian ti éta, dumasar kana ulikan struktur jeung étnopédagogik dina tradisi urang Sunda aya sababaraha panalungtikan anu geus dilaksanakeun. Kahiji, panalungtikan disertasi Retty Isnendes (2013) anu judulna “*Struktur dan Fungsi Upacara Ngalaksa di Kecamatan Rancakalong Kabupaten Sumedang dalam Perspektif Pendidikan Karakter*”. Ulikanana ngagunakeun tradisi lisan. Kadua, panalungtikan tésis Uus Sugiana (2014) anu judulna “*Tradisi Ngayun di Kacamatan Rawamerta Kabupatén*

Karawang”, ulikanana struktural jeung sémiotik. Katilu, panalungtikan tésis Rekha Rosdiana Dewi (2015) anu judulna “Tradisi Babarit Désa di Kacamatan Palasah Kabupatén Majaléngka”, ulikanana struktural jeung sémiotik.

Kalungguhanana tradisi nyalin penting pisan di masarakat salaku kabiasaan anu luhung ajénna. Ku kituna, keur kamekaran élmu pagaweruh jeung kapentingan balaréa ieu panalungtikan penting pisan dilaksanakeun. Dumasar kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan dijudulan “Ulikan Struktur jeung Étnopédagogik kana Tradisi Nyalin di Désa Sidamulya Kacamatan Cisaga Kabupatén Ciamis pikeun Bahan Ajar Bahasan Budaya Sunda di SMA”.

1.2 Rumusan Masalah

Panalungtikan tradisi nyalin bisa dilaksanakeun tina jihad budaya, antropologi, sosiologi, kasusastraan lisan, ajén moral, jeung sajabana. Ditilik tina éta lolongkrang, sangkan ieu panalungtikan teu lega teuing ambahanana diwatesanan nalungtik struktur (téks jeung kotéks) jeung fungsi (kontéks). Lian ti éta, dipaluruh ogé ajén étnopédagogik tina tradisi nyalin utamana ngeunaan sawangan hirup urang Sunda anu ngawengku aspék moral dumasar konsép Warnaén, nyaéta (1) sawangan hirup manusa jeung dirina, (2) sawangan hirup ngeunaan manusa jeung lingkungan masarakat, (3) sawangan hirup manusa jeung alam, (4) sawangan hirup manusa jeung Pangéran, (5) manusa dina ngudag kasugemaan lahiriah jeung manusa ngudag kasugemaan batin. Keur ngawariskeun ieu tradisi jeung kapentingan sosialisasi ajén atikan anu nyangkaruk dina tradisi nyalin dilarapkeun dina bahan ajar bahasan budaya Sunda di SMA kelas XI.

Rumusan masalah ieu panalungtikan dijéntrékeun dina wangun pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur (ko-téks jeung téks) jeung pungsi (kontéks) tradisi nyalin di Désa Sidamulya Kacamatan Cisaga Kabupatén Ciamis?
- 2) Kumaha ciri kelisanan anu nyampak dina tradisi nyalin di Désa Sidamulya Kacamatan Cisaga Kabupatén Ciamis?
- 3) Naon waé ajén étnopédagogik anu nyangkaruk dina tradisi nyalin di Désa Sidamulya Kacamatan Cisaga Kabupatén Ciamis?

- 4) Kumaha implikasi hasil panalungtikan tradisi nyalin di Désa Sidamulya Kacamatan Cisaga Kabupatén Ciamis pikeun alternatif bahan ajar bahasan budaya Sunda di SMA?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dumasar masalah anu geus dirumuskeun, ieu panalungtikan miboga tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan nyaéta pikeun maluruh struktur jeung ajén étnopedagogik anu nyangkaruk dina tradisi nyalin di Désa Sidamulya Kacamatan Cisaga Kabupatén Ciamis jeung nyusun alternatif bahan ajar bahasan budaya Sunda di SMA.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus ieu panalungtikan pikeun ngadéskripsikeun opat hal, nyaéta:

- 1) struktur (ko-téks jeung téks) jeung pungsi (kontéks) tradisi nyalin di Désa Sidamulya Kacamatan Cisaga Kabupatén Ciamis,
- 2) ciri kelisanan anu nyampak dina tradisi nyalin di Désa Sidamulya Kacamatan Cisaga Kabupatén Ciamis,
- 2) ajén étnopédagogik anu nyangkaruk dina tradisi nyalin di Désa Sidamulya Kacamatan Cisaga Kabupatén Ciamis, jeung
- 3) implikasi hasil panalungtikan tradisi nyalin di Désa Sidamulya Kacamatan Cisaga Kabupatén Ciamis pikeun alternatif bahan ajar bahasan budaya Sunda di SMA.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan ngawengku mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis, sakumaha anu dipedar ieu di handap.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan miboga mangpaat tioritis kieu.

Yogi Yogaswara Yanuariska, 2017

**ULIKAN STRUKTUR JEUNG ÉTNOPÉDAGOGIK KANA TRADISI NYALIN DI DÉSA SIDAMULYA
KACAMATAN CISAGA KABUPATÉN CIAMIS PIKEUN BAHAN AJAR BAHASAN BUDAYA SUNDA DI SMA**
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 1) Nambahana pangaweruh perkara ulikan tradisi lisan Sunda, utamana dina wengkuhan tiori-tiori kajian étnopedagogik,
- 2) Ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan tradisi lisan nu masih kénéh aya di masarakat, jeung
- 3) Ngeuyeuban pangaweruh ajén étnopédagogik dina kahirupan nu nyampak dina tradisi masarakat.

1.4.2 Mangpaat Kawijakan

Ieu panalungtikan miboga mangpaat kawijakan anu ungelna kieu.

- 1) Ngahudang deui pamaréntah sangkan sadar kana kabeungharan budaya, utamana tradisi anu masih kénéh dikeukeuhan ku masarakat.
- 2) Ngayakinkeun yén budaya anu aya kénéh téh kudu dipiara ngaliwatan program-program nu konkrit jeung karasa mangpaatna ku masarakat.
- 3) Ngarojong keur diayakeunana kawijakan budaya, hususna keur ngajembaran pamahaman budaya nu gedé mangpaatna keur kahirupan dina lingkungan masarakat.

1.4.3 Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan miboga mangpaat praktis, di antarana dijéntrékeun ieu di handap.

1) Panalungtik

Nambahana pangalaman dina prosés panalungtikan tradisi, utamana dina produk tradisi lisan nu hirup di masarakat.

2) Masarakat

Inventarisasi budaya nu masih kénéh aya pikeun kapentingan balaréa jeung diwariskeun ka generasi ngora.

3) Pangajaran

Diaplikasikeun salaku bahan ajar bahasan budaya Sunda anu luhung ku ajén budaya urang Sunda.

4) Sakola

Ku ayana ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahán référénsi ulikan, utamana dina pangajaran basa Sunda di sakola.

1.4.4 Mangpaat Aksi Sosial

Ieu panalungtikan miboga mangpaat aksi sosial anu dijéntrékeun ieu di handap.

- 1) Ngahudang deui kereteg masarakat, utamana entragan ngora kana pentingna tradisi anu dipiboga jeung bakal diwariskeun dina mangsa nu bakal datang.
- 2) Ngawangun pola pikir masarakat sangkan teu apatis kana kagiatan budaya nu sipatna ngaraketkeun kahirupan sosial di lingkungan.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu tésis disusun jadi lima bab. Bab I mangrupa bubuka anu ngawengku kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II mangrupa ulikan pustaka, panalungtikan saméméhna, kalungguhan tioritis panalungtik, raraga mikir. Ulikan pustaka anu ngawengku wangenan tradisi, pungsi tradisi, wanda upacara tradisi, struktur upacara tradisi, tradisi nyalin, wangenan tradisi nyalin, tradisi nyalin mangrupa wujud kabudayaan, substansi eusi budaya, tradisi nyalin jeung folklor, pungsi mitos Nyi Pohaci Sanghyang Sri, strukturalisme, tradisi lisan, wangenan tradisi lisan, struktur tradisi lisan, kelisanan dina tradisi lisan, ambahan tradisi lisan, wangenan étnopédagogik, konsép kearifan lokal salaku pamiangan étnopédagogik, oriéntasi étnopédagogik Sunda, ajén étnopédagogik dina sawangan hirup salaku étnopédagogik, bahan ajar, pungsi bahan, prosedur mekarkeun bahan ajar, padika milih bahan ajar, jeung bahan ajar bahasan budaya sunda dina kurikulum.

Bab III mangrupa metodeu panalungtikan anu ngawengku desain panalungtikan, lokasi jeung sumber data panalungtikan, téhnik ngumpulkeun jeung ngolah data, jeung instrumén panalungtikan,

Yogi Yogaswara Yanuariska, 2017

**ULIKAN STRUKTUR JEUNG ÉTNOPÉDAGOGIK KANA TRADISI NYALIN DI DÉSA SIDAMULYA
KACAMATAN CISAGA KABUPATÉN CIAMIS PIKEUN BAHAN AJAR BAHASAN BUDAYA SUNDA DI SMA**
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Bab IV mangrupa hasil panalungtikan jeung pedaran anu ngawengku struktur jeung pungsi tradisi nyalin di Désa Sidamulya Kacamatan Cisaga Kabupatén Ciamis, ciri kelisanan tradisi nyalin di Désa Sidamulya Kacamatan Cisaga Kabupatén Ciamis, ajén étnopédagogik anu nyangkaruk dina tradisi nyalin di Désa Sidamulya Kacamatan Cisaga Kabupatén Ciamis, jeung implikasi tradisi nyalin pikeun alternatif bahan ajar bahasan budaya Sunda di SMA.

Bab V Panutup anu ngawengku kacindekan tina hasil panalungtikan jeung saran pikeun panalungtikan anu dilaksanakeun sabada ieu panalungtikan dilaksanakeun.